



Pou Piblikasyon Imedya: 20/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO AKÒ R&D AK DEVLOPMAN MENDÈV NAN
DOMÈN SEMIKONDIKTÈ AK GOUVÈNMAN HOKKAIDO, JAPON**

***NY CREATES, Empire State Development ak Gouvènè Naomichi Suzuki kreye
patenarya pou amelyore kolaborasyon entènasyonal pou ranfòse gwoup endistri
teknoloji avanse yo***

***Li avanse angajman Gouvènè Hochul ak investisman estratejik pou etabli Eta
New York kòm yon sant semikondiktè mondyal***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a selebre yon kolaborasyon entènasyonal ant Eta New York ak Japon pou ankouraje opòtinite nan endistri semikondiktè a ki gen rapò ak rechèch ak devlopman, kwasans ekonomik ak devlopman mendèv. Sant pou Rechèch, Avansman Ekonomik, Teknoloji, Jeni ak Syans (New York Center for Research, Economic Advancement, Technology, Engineering and Science, NY CREATES) nan New York, Empire State Development ak Gouvènè Hokkaido Naomichi Suzuki nan Japon siyen yon pwotokòl dakò pou avanse objektif pataje pou reyalize potansyèl yon ekosistèm semikondiktè solid ki ankre pa sant teknoloji avanse R&D. Patenarya a, ki te fasilite pa Hokkaido, pral amelyore koperasyon ak apwofondi lye ant Konplèks NanoTech Albany NY CREATES la, pi gwoenstalasyon pou rechèch ak devlopman semi-kondiktè san bi likratif nan Amerik di Nò, ak Rapidus, yon konpayi semi-kondiktè Japonè k ap devlope ki an konstriksyon nan Chitose ki pral pwodwi de pis nanomèt, pou kontinye kondwi inovasyon ak pwosperite ekonomik nan tou de rejyon yo.

"Eta New York ap dirije nasyon an nan investisman semi-kondiktè, epi nou n ap kontinye jwenn patenarya ak opòtinite pou kwasans", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou onore pou nou akeyi Gouvènè Hokkaido Naomichi Suzuki ak delegasyon li a ak ekspozisyon Konplèks NanoTech Albany NY CREATES la, ki se youn nan enstalasyon inik ki pi avanse. Se patenarya entènasyonal tankou sa yo ki ankouraje kolaborasyon ak kwasans epi asire siksè ekonomik."

Gouvènè Naomichi Suzuki te deklare, "Eta New York se egzanp prensipal pou konstwi yon ekosistèm semikondiktè avèk kolaborasyon akademik, endistri, ak piblik. Nou gen anpil bagay pou genyen nan nouvo kad sa a k ap ranfòse kolaborasyon nou ant ESD, New York, ak Hokkaido. Nou wè siyen pwotokòl dakò sa a kòm yon bon opòtinite pou ranfòse lye koperasyon antrepriz nou yo ak patnè nou yo nan New York,

tankou ESD ak NY CREATES, pandan nou vize akselere pwosesis pwojè Rapidus la ak etablisman espas semi-kondiktò nan Hokkaido. Nou plis ke eksite pou sa ki lavni rezève pou nou nan patenarya sa a."

Avan yo siyen MOU an, lidè ki soti nan Hokkaido te resevwa yon brèf apwofondi sou modèl fonksyonman inik NY CREATES la epi yo te aprann plis sou resous ak kapasite li yo. Delegasyon an te fè yon toune nan Konplèks NanoTech Albany, ki aktyèlman ap sibi yon ekspansyon 1 milya dola pou etabli yon Sant Litografi Iltavyolèt ki Wo an NA nan Albany. Angajman sa a pral bati plis sou lis patnè k ap grandi NY CREATES la, enkli entènasyonalman, pandan òganizasyon an ap chèche sipòte yon etablisman Sant Teknoloji Semikondiktè Nsyonal nan kad Lwa sou CHIPS & Syans federal la. Apre siyati a, yo pral siyen yon Lèt Entansyon ant Rensselaer Polytechnic Institute ak Hokkaido University nan kanpis RPI a nan Troy, nan kad vizit delegasyon Hokkaido nan Rejyon Kapital la.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York ap emèje antanke yon sant mondyal pou endistri semikondiktè a ak ekosistèm li an. New York ak Japon pataje yon relasyon komès dimamik depi lontan espesyalman nan espas semikondiktè a. Anons jodi a fè avanse davantaj koneksyon sa a epi mete aksan sou angajman ESD pou asire Eta New York jwe yon gwo wòl nan fiti endistri a, pandan y ap sipòte patenarya enpòtan sa yo ki ankouraje kwasans ekonomik."

Prezidan NY CREATES la, David Anderson, te deklare, "Nan non NY CREATES, mwen onore pou m akeyi Gouvènè Hokkaido Naomichi Suzuki nan Konplèks NanoTech Albany nou an, pi gwo etablisman R&D semi-kondiktè san bi likratif epi ki pi avanse nan Amerik di Nò. Isit la, nou konsantre sou domèn ki sòti nan teknoloji avanse pwosesis lojik rive nan memwa, anbalaj, entegrasyon etewojèn, pwopòsyon, fotonik, ak plis ankò. Nou fyè pou nou montre sant santral sa a nan ekosistèm inovasyon k ap grandi Eta New York la kòm yon modèl ke lòt moun, tankou patnè alye nou yo nan Japon, kapab pwofite pou devlope enfrastruktir lokal pa yo pou akselere inovasyon ak satisfè demand teknolojik mondyal yo. Nou pa ka tann kolaborasyon ki pral soti nan siyati akò patenarya jodi a."

Merideth Andreucci, Vis Prezidan Prensipal ak Direktè Egzekitif Biwo Gouvènè a sou Ekspansyon, Jesyon, ak Entegrasyon Semikondiktè (Governor's Office of Semiconductor Expansion, Management, and Integration, GO-SEMI), te deklare, "Nou gen anpil onè pou nou akeyi Gouvènè Naomichi Suzuki ak delegasyon distenge Hokkaido nan Eta New York. Vizit sa a vle di patenarya k ap grandi ant rejyon nou yo epi li souliye gwo potansyèl pou kolaborasyon nan endistri semi-kondiktè a. Lidèchip Japon nan teknoloji ak inovasyon, patikilyèman nan semi-kondiktè se yon modèl pou tout moun, epi nou anvi pataje apèsi ak ranfòse lyen nou yo pandan n ap travay ansanm pou fòme avni sektè enpòtan sa a."

Angajman Gouvènè Hochul pou devlope endistri semikondiktè New York la
Gouvènè Hochul te kenbe yon angajman solid pou konstwi yon ekonomi modèn nan

Eta New York lè li devlope endistri semikondiktè dinamik ak inovan. An 2022, Gouvènè a te siyen lejislasyon istorik Green CHIPS pou fè New York tounen yon sant pou fabrikasyon semikondiktè, sa k ap kreye pandan l ap kreye djòb 21yèm syèk la ak lanse kwasans ekonomik pandan l ap kenbe pwoteksyon anviwònman tal enpòtan. Kòm yon pati nan Bidjè ane fiskal 2024 la, Gouvènè Hochul te asire yon investisman 45 milyon dola pou kreye Biwo pou Ekspansyon, Jesyon, ak Entegrasyon Semikondiktè Gouvènè (Governor's Office of Semiconductor Expansion, Management, and Integration, GO SEMI) a, ki dirije efò nan tout eta a pou devlope sektè fabrikasyon pis la. An Desanm 2023, Gouvènè Hochul te anonse yon patenarya piblik-prive 10 milya dola – ki gen ladan 9 milya dola nan investisman prive ki soti nan IBM, Micron, Applied Materials, Tokyo Electron ak lòt lidè semikondiktè yo – pou pote avni rechèch semikondiktè avanse nan rejyon kapital New York la nan kreye inikSant Litografi Iltavyolèt ki Wo an NA aksesib nan endistri a, nan Konplèks NanoTech Albany an. Tout efò sa yo ap pozisyone New York kòm yon lidè inovasyon ki pare pou sipòte youn nan twa etablisman Sant Teknoloji Semikondiktè Nsyonal ki pral etabli nan kad Lwa sou CHIPS & Syans Etazini an.

New York gen yon gwo endistri semikondiktè ki sipòte plis pase 150 konpayi semikondiktè ak chèn apwovizyonman ki anplwaye plis pase 34,000 Nouyòkè. Gras ak efò Gouvènè Hochul, endistri a ap kontinye elaji atravè gwo investisman ki soti nan biznis semikondiktè yo ak konpayi chèn apwovizyonman tankou Micron, GlobalFoundries, AMD, Edwards Vacuum, MenloMicro and TTM Technologies pou elaji prezans yo nan New York. An reyalyte, nan de dènye ane yo, konpayi pis yo te anonse plis pase 112 milya dola nan investisman kapital planifye nan New York – plis pase nenpòt lòt eta – epi youn sou kat pis ki te fèt nan Etazini yo pral pwodwi nan yon distans 563 km nan nò Eta New York. Pa gen lòt rejyon nan peyi a ki pral konte pou youn pi gwo pati nan pwodiksyon nasyonal la.

Semikondiktè yo enpòtan anpil pou fòs ekonomik nasyon an, sèvi kòm sèvo elektwonik modèn yo, ak pèmèt teknoloji enpòtan pou kwasans ekonomik Etazini, sekirite nasyonal, ak konpetisyon mondyal. Endistri a anplwaye dirèkteman plis pase 300,000 moun nan Etazini epi li sipòte plis pase 1.8 milyon lòt travay lokal. Semikondiktè yo se youn nan senk pi gwo pwodui ekspòtasyon Etazini, epi endistri a se premye kontribitè nan pwodikтивite travay, ki sipòte amelyorasyon nan efikasite nan prèske chak sektè ekonomik — soti nan agrikilti rive nan fabrikasyon.

Enfòmasyon sou NY CREATES

NY CREATES sèvi kòm yon pon ant laboratwa ak fabrikasyon pou elektwonik avanse, ankouraje patenarya piblik-prive ak ant endistri ak akademi pou devlopman teknoloji ak inovasyon. NY CREATES atire epi dirije pwojè inovasyon ak komèsyalizasyon ki konekte ak endistri ki sekirize gwo investisman, avanse R&D nan teknoloji k ap emèje yo, ak jenere travay demen yo. NY CREATES dirije kèk nan enstalasyon ki pi avanse nan mond lan, gen plis pase 2,700 ekspè ak pwofesè nan endistri a, epi li jere investisman piblik ak prive ki gen plis pase 20 milya dola, ki plase li nan episant mondyal inovasyon ak komèsyalizasyon teknoloji avanse. Jwenn plis enfòmasyon sou www.ny-creates.org.

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development se ajans prensipal devlopman ekonomik New York, epi li ankouraje kwasans biznis, kreyasyon djòb, ak pi gwo opòtinite ekonomik atravè eta a. Ak biwo nan chak nan 10 rejyon eta a, ESD sipèvize [Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal](#) yo, sipòte ekite wo debi atravè biwo ConnectALL la, epi li ap ogmante mendèv demen an atravè Biwo Devlopman Estratejik Mendèv. Ajans lan angaje ak endistri k ap vini ak pwochen jenerasyon tankou enèji pwòp ak fabrikasyon semi-kondiktè k ap grandi nan Eta New York, opere yon rezo sant asistans pou ede ti biznis yo grandi ak reyisi, epi ankouraje destinasyon touris klas mondyal yo atravè I LOVE NY. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite esd.ny.gov, epi konekte ak ESD sou [LinkedIn](#), [Facebook](#) ak [X](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)